# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या के श्रीराम कथा पार्क में आयोजित एगो समारोह में मुख्यमंत्री युवा उद्यमी विकास अभियान के तहत अजोध्या मण्डल के एक हजार एक सौ अड़तालीस नौजवान उद्यमियन के सैंतालीस करोड़ रूपिया क ऋण बंटलें। येह दौरान उहां के नौजवान उद्यमियन के स्टार्ट–अप के परदरसनी क उद्घाटन अउर अवलोकनों कइलीं। अजोध्या मण्डल से आइल नौजवानन के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि नौजवानन के उद्यमी बनवले क ई योजन आत्मनिरभर उत्तर प्रदेस अउर आत्मनिरभर भारत क आधार बनी। उहां के कहलीं कि उनकर सरकार उद्यमिता, रोजिगार अउर स्वरोजिगार के बढ़ावा देवे बदे सज्जो बाधा के दूर कइले हौ।

***बिगत आठ वर्ष में वे सभी बैरियर हटाये गए जो उत्तर प्रदेश के विकास में बाँधा थे। उन सबको एक एक करके हटाया गया आज उत्तर प्रदेश का युवा नौकरी प्राप्त कर रहा है स्वतः रोजगार के साथ जुड़ रहा है उत्तर प्रदेश में निवास आ रहे है विकास के बड़े बड़े कार्य हो रहे है और विकास और विरासत को जोड़ करके नये भारत का नया उत्तर प्रदेश अपने अनादाता किसानों के लिए अपनी मातृ शक्ति के स्वावलंबन के लिये योवाओं के आर्थिक स्वावलंबन के लिये पूरी प्रतिवधता के साथ कार्य कर रहा है।***

अजोध्या दौरा के दौरान मुख्यमंत्री साहित्यिक उत्सव– टाइमलेस अजोध्या क उद्घाटनों कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि अजोध्या खाली एगो सहरे नाहीं हौ बलुक धरम अउर साहित्य क प्रेरणा स्थली हौ। ई हमेसा से साहित्य अउर संस्कृति क केन्द्र रहल हौ।

मुख्यमंत्री अजोध्या में एगो सीतल पेय बॉटलिंग प्लांटो क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि अजोध्या खाली आस्थे नाहीं बलुक आजीविको क आधार बनि रहल हौ। उहां के प्लांट में सौर ऊर्जा के बढ़ावा दिहले के कोसिस क सराहना करत कहलीं सरकारो सौर ऊर्जा के प्रोत्साहित कइ रहलि हौ। येही कड़ी में अजोध्या के देस क पहिला सोलर सिटी के रूप में बिकसित कइल जा रहल हौ। कई गो कार्यक्रम में सामिल भइले से पहिले, मुख्यमंत्री अजोध्या में हनुमानगढ़ी मंदिर अउर रामलला क दरसन–पूजनों कइलें।

**********

केन्द्रीय महिला अउर बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी दुस्कर्म क कोसिस के एगो मामिला में इलाहाबाद उच्च न्यायालय क न्यायाधीस के टिप्पणी पर आपत्ति जतवले हइनि। संसद के बहरे मीडिया से बतियावत में केन्द्रीय मंत्री कहलिनि कि एहसे गलत मानसिकता के बढ़ावा मिली।

***निर्णय से बिल्कुल सहमत नहीं हूं और जो निर्णय है माननीय उच्चतम न्यायालय को भी इस पर गंभीरता से संज्ञान में लेना चाहिए और ये सभ्य समाज में इसकी कोई जगह नहीं है और कहीं न कहीं समाज के अंदर ये गलत प्रभाव पड़ेगा।***

एहसे पहिले, न्यायाधीस राम मनोहर नारायण मिश्रा दुस्कर्म से जुड़ल एगो मामिला क सुनवाई करत टिप्पणी कइले रहलें, जवने से लोगिन में नाराजगी देखल गइल।

**********

शाहगंज से चले वाली बलिया–शाहगंज पैसेंजर ट्रेन अट्ठाइस मार्च ले निरस्त कइ दिहल गइल हौ। मऊ–शाहगंज रेल खंड पर खोरासन रोड–सरायमीर–फरिहा के बिच्चे नॉन इंटरलाकिंग कार के नाते ई फैसिला लिहल गइल हौ। ई जनकारी बनारस मण्डल क जनसम्पर्क अधिकारी अशोक कुमार दिहलें।

**********

आवे वाला तीस मार्च से बारह अपरैल ले देस भर में गांव–गांव रामोत्सव कार्यक्रम क आयोजन होई। येह दौरान विश्व हिन्दू परिषद क कार्यकरता गांव के कउनों मंदिर में एकट्ठा हो के भजन, सोहर अउर बधाई गीति क हिस्सा बनिहें। ई जनकारी परिषद क क्षेत्र संगठन मंत्री गजेन्द्र सिंह दिहलें।

**********

मसहूर शहनाई वादक भारत रत्न उस्ताद बिस्मिल्लाह खान क एक सौ नौवीं जयंती पर बनारस जिला के उनके पैतृक निवास दरगाह फातिमा पर आजु उन्हें सरधांजलि दीहल गइल। येह दौरान उनके कब्र पर फातिहा पढ़ले के बाद उन्हें फूल चढ़ावल गइल। कार्यक्रम क संयोजक शकील अहमद जादूगर बतवलें कि अजुये के दिन्ने बरिस ओन्नइस सौ सोरह में बिहार राज्य के डुमरांव में जनम लेवे वाले बिस्मिल्लाह खान अपने शहनाई के जरिये पूरा दुनिया में भाईचारा क सनेसा दिहलें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु एगो सोसल मीडिया सनेसा के जरिये स्वर्गीय बिस्मिल्लाह खान के सरधांजलि दिहलें।

**********

आजु अंतर्राष्ट्रीय वन दिवस मनावल जा रहल हौ। येह बरिस क बिसय हौ– 'वन और भोजन'। येह मौका पर अमरोहा के सथहीं प्रदेस के कई गो अउरियो जिलन में कार्यक्रम आयोजित कइ के लोगिन के मानव जीवन में वन के महातम के प्रति जागरूक कइल गइल।

**********

मौसम विज्ञान विभाग आजु अउर बिहने पूरबी उत्तर प्रदेस के कुछु जगहिनि पर बरखा भइले अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह अवधि में अंचल में कहीं–कहीं बज्रपात अउर झोंकेदार बेयारियो चलले क सम्भावना हौ।

**********